

# ETA NOUYÒK KIJAN POU RANPLI FÒM RESÈTIFIKASYON POU ASISTANS TANPORÈ (TA) – ASISTANS MEDIKAL (MA) PWOGRAM MEDICARE POU EKONOMI (MSP) – BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE (FS)

*Nenpòt ki lè ou wè “Asistans Tanporè” oswa “TA” sou resètifikasyon an, sa vle di “Asistans pou Fanmi” ak “Asistans Filè Sekirite”. Nou rele toude Pwogram Asistans Piblik sa yo “Asistans Tanporè”. Yo te kreye pwogram Sèvis Sosyal yo pou bay moun ki nan bezwen asistans tanporè. Kounye a, gen kèk pwogram ki gen yon tan limit ki fè konnen pandan konbyen tan ou ka resevwa èd. Li enpòtan pou ou rive okipe tèt ou poukont ou toudswit ou kapab fè sa. Biwo lokal Depatman Sèvis Sosyal la, la pou ede w nan bi ou genyen pou w rive okipe tèt ou poukont ou. Pou nou kapab ede w, nou oblije konnen kiyès ou ye epi kisa ou bezwen. Se sa ki fè yo mande w pou ou ranpli resètifikasyon sa a. Enfòmasyon fòm resètifikasyon sa a pral ba nou sou ou yo se:*

- Kiyès ou ye
- Kote ou rete
- Kouman wap viv
- Kijan nou ka ede w

Yo nimewote esplikasyon yo ansamn ak fòm resètifikasyon an pa seksyon pou ede w. Ou ka ekri sou tèt nimewo sa yo lè li konvab.

- TANPRI EKRI BYEN NAN LÈT MAJISKIL
- PA EKRI NAN SEKSYON KI FONSE YO
- FÈ ANSÒT POU W RANPLI TOUT SEKSYON KI KORESPONN AVÈK OU YO
- SI WAP RESÈTIFYE ANTANKE REPREZANTAN YON LÒT MOUN, TANPRI EKRI ENFÒMASYON SOU MOUN NAN AN LÈT MAJISKIL, PA ENFÒMASYON PA OU.

**POU RETIRE YON RESÈTIFIKASYON:** SI OU VLE RETIRE FÒM RESÈTIFIKASYON W LAN, PALE AK MOUN KI DETÈMINEN KALIFIKASYON W LA.

**Anplis de LDSS-3174-HC: "Fòm Resètifikasyon ", yo dwe ba ou kopi:**

- **LDSS-4148A - HA:** "Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Reskonsablite W Yo"
- **LDSS-4148B - HA:** "Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal"
- **LDSS-4148C - HA:** "Kisa W Dwe Konnen Si W Gen Yon Kadijans"

PAJ 1 - FÒM RESÈTIFIKASYON	
<p>1</p> <p><b><u>PWOGRAM YO:</u></b></p>	<p>Make (✓) nan bwat pou CHAK pwogram oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou vle resètifye pou yo. Akòz de yon refòm ki fèt nan byennèt sosyal (welfare), yon fòm resètifikasyon pou Asistans Tanporè pa vle di yon resètifikasyon otomatik pou Asistans Medikal ankò. <b>Si ou vle resètifye pou toude, ni Asistans Tanporè ni Asistans Medikal make (✓) nan bwat Asistans Tanporè a ansanm ak Asistans Medikal la. Si ou vle resètifye pou Pwogram Medicare pou Ekonomi make (✓) nan bwat Pwogram Medicare pou Ekonomi a.</b></p> <p>Si wap resètifye pou Asistans Tanporè ak Benefis Koupon pou Achte Manje, ak/oswa Asistans Medikal, òdinèman yo pral mande pou w fè yon sèl antrevi pou tout pwogram yo.</p>
<p>2</p> <p><b><u>ESKE W VLE RESEVWA AVI YO NAN LANG:</u></b></p> <p><b><u>KI LANG MATÈNÈL OU:</u></b></p>	<p>Make (✓) nan bwat "Kreyòl ak Angle" <b>oswa</b> " Angle Sèlman ".</p> <p>Make (✓) nan bwat Angle oswa Kreyòl oswa nan bwat Lòt la epi ekri lang matènèl ou.</p>
<p>3</p> <p><b>NON:</b></p> <p><b>ETA SIVIL:</b></p> <p><b>NIMEWO TELEFÒN:</b></p> <p><b>ADRÈS KOTE W RETE A:</b></p> <p><b>NON MOUN KI RESEVWA LÈT POU OU:</b></p> <p><b>ADRÈS OU RESEVWA LÈT:</b></p> <p><b>AJANS KAP EDE MOUN KAP RESEVWA BENEFIS:</b></p> <p><b>KONBYEN TAN OU RETE NAN ADRÈS OU YE KONYE A:</b></p> <p><b>LÒT TELEFÒN:</b></p> <p><b>EKSPLIKASYON POU ALE LAKAY OU:</b></p> <p><b>ADRÈS OU TE RETE ANVAN:</b></p>	<p>Ekri AN LÈT MAJISKIL non legal ou ansanm ak prenon, premye lèt non batèm ak siyati.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL si <b>kounye a</b> ou selibatè, marye, madanm/mari ou mouri, separe legalman oswa divòse.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo telefòn lakay ou. Mete kòd rejyonal ou.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo kay, ri, avni, wout, etc., kote ou rete kounyen an.</p> <p><b>Nimewo Apatman:</b> Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo apatman w.</p> <p><b>Vil:</b> Ekri AN LÈT MAJISKIL vil kote ou rete.</p> <p><b>Peyi:</b> Ekri AN LÈT MAJISKIL peyi kote ou rete a.</p> <p><b>Eta:</b> Ekri AN LÈT MAJISKIL eta kote ou rete a.</p> <p><b>Kòd Postal:</b> Ekri AN LÈT MAJISKIL kòd postal pou adrès ou.</p> <p>Si yon lòt moun resevwa lèt pou ou, ekri non moun sa a AN LÈT MAJISKIL.</p> <p>Si ou resevwa lèt ou yon kote ki diferan de kote w rete, ekri adrès kote sa a AN LÈT MAJISKIL.</p> <p>Si yon ajans ap ede w resètifye, ekri AN LÈT MAJISKIL non ajans la, non moun nan ajans la kap ede w la epi nimewo telefòn moun la.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL konbyen ane ak/oswa mwa ou genyen depi ou rete kote ou rete kounye a.</p> <p>Si yo ka rele w nan telefòn yon lòt moun, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun sa a ansanm ak nimewo telefòn li. Si wap travay, ekri AN LÈT MAJISKIL non ak nimewo telefòn konpayi kote wap travay la.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL eksplikasyon sou kijan pou ale lakay ou. Ekri kote moun konnen kòm referans.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL adrès kote ou te rete anvan ou te vin rete nan adrès ou ye kounye a.</p>

## PAJ 1 - FÒM RESÈTIFIKASYON

- 4 **MOUN KAP RESEVWA BENEFIS KOUPON POU ACHE MANJE:** Ou gen dwa pou w prezante fòm resètifikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje a, pandan lè biwo yo ouvè, menm jou ou resevwa fòm nan. Yo dwe aksepte li si li genyen omwen non ou, adrès (si ou genyen youn) epi siyati w. Pou detèminen si ou ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje, ou pral oblije ranpli tout fòm nan.

- 5 **ESKE YOUN NAN KATEGORI SA YO GEN POU WÈ AVÈK OU?** Make (✓) nan CHAK kategori ki gen pou wè avèk ou.

## PAJ 2 AK 3 FÒM RESÈTIFIKASYON

**ENFÒMASYON SOU MOUN LAKAY OU**

**EKRI NON TOUT MOUN KI RETE NAN MENM KAY AVÈK OU, MENM SI YO PAP RESÈTIFYE ANSANM AVÈK OU.** Epi ekri AN LÈT MAJISKIL non ou anvan. Aprè sa ekri AN LÈT MAJISKIL non lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou:

- Make (✓) kalite Asistans chak moun ap resètifye pou yo: Asistans Tanporè (TA), Benefis Koupon pou Achte Manje (FS), Asistans Medikal (MA), ak/oswa Pwogram Medicare pou Ekonomi (MSP).

**REMAK: Si wap resètifye pou MSP, ranpli tout seksyon yo mande pou MA yo.**

- Ekri AN LÈT MAJISKIL dat fèt ak sèks **chak** moun kap resètifye yo.
- Pou chak moun kap resètifye, ekri AN LÈT MAJISKIL kisa yo pou ou (Pa ekzanp: madanm, pitit gason, pitit adoptif, zanmi, lokatè, pansyonè, etc.).
- Ekri AN LÈT MAJISKIL Nimewo Sekirite Sosyal chak moun **amwenske moun sa**:
  - Pap resètifye pou okenn kalite asistans; oswa
  - Se yon fanm ansent kap resètifye pou Asistans Medikal **sèlman**; oswa
  - Se yon etranje kap resètifye pou Asistans Medikal oswa benefis **sèlman** paske yo gen yon kondisyon medikal ki ijan.
- **Piwo gwo klas ou fin ou fè nan lekòl:** Ekri pi gwo klas (1-12) chak moun kap resètifye pou asistans fin fè nan lekòl. Si yo fè plis pase 12 ane lekòl, ekri 12. Si yo pat al lekòl, ekri 0. Si wap resètifye pou Asistans Medikal **sèlman**, ou pa bezwen reponn kesyon sa a.
- **Achte oswa fè manje:** Li enpòtan pou ou make (✓) WI oswa NON pou Kesyon “Eske moun sa a (ansanm ak pitit ou yo ki minè) achte manje oswa fè manje ansanm avèk ou?” pou chak moun ki rete nan menm kay avèk ou. Gendelè, moun ki achte manje epi fè manje poukont yo ka resevwa plis Benefis Koupon pou Achte Manje.
- **Ras/Afilyasyon Etnik:** Ou oblije ranpli seksyon sa a pou chak moun kap resètifye pou asistans. Make **Wi** oswa **Non** si ras ou se Panyòl make tou lèt ki dekri orijin ras ou pi byen. Gouvènman Federal mande enfòmasyon sa a. Si ou pa ranpli seksyon sa a, moun kap fè antrevi a nan ajans la pral oblije ranpli li dapre sa li wè.  
Si wap resètifye pou Asistans Medikal **sèlman**, ou ka ranpli seksyon sa a si ou vle. Si ou pa ranpli seksyon sa a, yon moun kap fè antrevi nan ajans la ka ranpli li dapre sou sa li wè.

6

## PAJ 2 – FÒM RESÈTIFIKASYON

**ENFÒMASYON SOU LÒT NON**

7

Ekri **AN LÈT MAJISKIL** non jennfi, non lòt maryaj ou te fè anvan, oswa nenpòt lòt non, moun ki gen non yo ekri anlè a te genyen anvan oswa genyen kounye a.

**CHANJMAN NAN MOUN RETE NAN MENM KAY AVÈK OU**

8

Ranpli seksyon sa a si nenpòt moun te **vini** rete oswa te **kite** lakay ou pandan dènye ane ki sot pase a.

## PAJ 4 – FÒM RESÈTIFIKASYON

**ENFÒMASYON SOU SITWAYÈNTE/ KONDISYON ETRANJE**

9

Ranpli seksyon sa a si wap resètifye pou **Asistans Medikal, Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje.**

**REMAK:** Ou **PA** bezwen ranpli sètifikasyon sa a si wap resètifye pou **Asistans Medikal sèlman** epi

- Ou ansent, oswa
- Wap resètifye **sèlman** pou tretman pou yon maladi ki mande swen medikal ijan, oswa
- Ou pa *ni* yon **sitwayen ni yon Ameriken natifnatal, ni yon etranje ki satisfè kondisyon imigrasyon yo. Tèm “satisfè kondisyon imigrasyon” an vle di yon kondisyon imigrasyon, ki pa fè moun nan pa kalifye pou avantaj dapre pwogram yap konsidere yo.** Si ou genyen nenpòt kesyon sou kondisyon imigrasyon ou, tanpri gade nan LDSS-4148B - HA: "Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal" oswa pale ak travayè sosyal ou a.

**REMAK:** Ou **DWE** ranpli seksyon sa a si wap:

- Resètifye pou Asistans Medikal **sèlman**, men ou pa bezwen mete moun ki pa vle resevwa Asistans Medikal yo ladan.

**SÈTIFIKASYON SITWAYÈNTE/ ENFÒMASYON SOU KONDISYON ETRANJE**

Si wap resètifye pou **Asistans Medikal, Asistans Tanporè, oswa Benefis Koupon pou Achte Manje**, ou **oblije ranpli epi siyen** sètifikasyon alekri sa a pou sitwayènte ak kondisyon imigrasyon ki satisfè.

**REMAK:** Tèm “satisfè kondisyon imigrasyon” an vle di yon kondisyon imigrasyon ki pa fè moun la pa kalifye pou avantaj dapre pwogram yap konsidere a. Si ou genyen nenpòt kesyon sou kondisyon imigrasyon ou, tanpri gade nan LDSS-4148B - HA: "Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal" oswa pale ak travayè sosyal ou a.

**REMAK:** Ou **PA** bezwen siyen sètifikasyon sa a si wap resètifye pou **Asistans Medikal sèlman** epi:

10

- Ou ansent, oswa
- Wap resètifye **sèlman** pou tretman pou yon maladi ki mande swen medikal ijan, oswa
- Ou pa *ni* yon **sitwayen ni yon Ameriken natifnatal, ni yon etranje ki satisfè kondisyon imigrasyon yo.**

## PAJ 4 – FÒM RESÈTIFIKASYON

**SÈTIFIKASYON SITWAYÈNTE/ ENFÒMASYON SOU KONDISYON ETRANJE (kontinye)**

**REMAK:** Ou **OBLIJE** siyen sètifikasyon sa a si ou se yon **sitwayen ameriken** oswa yon **Ameriken natifnatal**, oswa **yon etranje ki satisfè kondisyon etranje yo**, epi wap resètifye pou:

- Asistans Tanporè (kote gen timoun nan kay la oswa yon moun nan kay la ki ansent); oswa
- Benefis Koupon pou Achte Manje; oswa
- Asistans Medikal (eksepte si moun kap fè aplikasyon an ansent); oswa
- Pwogram Medicare pou Ekonomi.

Tout moun, kap resètifye pou avantaj sa yo, dwe bay yon siyati ansanm ak dat siyati a, eksepte nan ka yo mansyone anlè a.

- Yon granmoun ki rete nan menm kay la oswa yon reprezantan ki gen otorizasyon ka siyen pou tout moun ki rete nan menm kay la epi kap resètifye yo.
- Si yon moun ki rete nan menm kay la, kap resètifye, poko gen 18 an (oswa genyen 18 an oswa plis, men moun sa a pa kapab siyen siyati li paske li gen yon pwoblèm medikal oswa domaje), yon moun ki rete nan menm kay la, ki gen 18 an oswa plis oblije siyen pou yo.

**REMAK:** Lè wap siyen pou yon lòt moun, siyen pwòp non ou. **Pa ekzanp**, lè Mary Doe ap siyen pou timoun ki rele Johnny Doe, li oblije siyen Mary Doe.

Yon paran ki pa satisfè kondisyon yo, ka siyen pou pitit li ki limenm satisfè konsisyon yo. **Pa ekzanp**, yon manman ki pa satisfè kondisyon etranje yo ka toujou siyen sètifikasyon an pou pitit li yo ki sitwayen.

**AVI**

**Ou pa dwe siyen deklarasyon sa a pou tèt ou ni pou yon lòt moun ki pa yon sitwayen oswa yon Ameriken natifnatal oswa yon etranje ki satisfè kondisyon imigrasyon yo. Moun ki pa sitwayen epi ki pa satisfè kondisyon imigrasyon yo pa kalifye pou okenn Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Benefis Asistans Medikal (eksepte Asistans Medikal pou fanm ansent oswa Asistans Medikal SÈLMAN pou tretman pou yonmaladi ki mande swen ijan).**

**Nou ka bay Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon [Immigration and Naturalization Service (INS)] enfòmasyon ou ba nou pou yo tcheke kondisyon imigrasyon nenpòt oswa tout moun ki rete nan menm kay avèk ou epi kap resètifye pou Asistans Tanporè, Benefis Asistans Medikal oswa Benefis Koupon pou Achte Manje. Enfòmasyon nou resevwa nan men INS kapab afekte kalifikasyon moun ki rete nan menm kay avèk ou ansanm ak nivo avantaj yo.**

## PAJ 5 - FÒM RESÈTIFIKASYON

**ENFÒMASYON SOU PARAN KI PA GEN CHAJ TIMOUN NAN/ KI BAY LAJAN SIPÒ POU TIMOUN/SIPÒ MEDIKAL**

Si wap resètifye pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa Pwogram Medicare pou Ekonomi, ranpli seksyon sa a, si nenpòt nan kondisyon sa yo gen pou wè avèk ou:

1. Oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ansent epi papa timoun la ki poko fèt la rete yon lòt kote.
2. Wap resètifye pou nenpòt moun ki poko gen 21 an epi paran moun sa a pa rete nan menm kay la.
3. Ou poko gen 21 an epi paran ou (yo) pa rete nan menm kay avèk ou.

**REMAK:** Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a si wap resètifye pou Asistans Medikal sèlman epi ou ansent, ou te akouche de (2) mwa de sa, oswa wap resètifye sèlman pou timoun ki poko gen 21 an.

**PAJ 5 – FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU MADANM OSWA MARI KI PA LA/MOURI**

- 12 Si wap resètifye pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa Pwogram Medicare pou Ekonomi, ranpli seksyon sa a. Si nenpòt nan moun kap resètifye yo marye epi madanm oswa mari yo *pa* rete nan menm kay avèk yo, ranpli seksyon sa a pi bon jan ou kabap la. Si ou *pa* konnen ki kote moun sa a rete, ekri AN LÈT MAJISKIL dènnye adrès kote ou te konnen yo te rete.

**ENFÒMASYON SOU TIMOUN KI PA LA**

- 13 Si wap resètifye pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa Pwogram Medicare pou Ekonomi, ranpli seksyon sa a. Si nenpòt moun ap resètifye pou yon timoun ki poko gen 18 an ki rete yon lòt kote, tanpri ekri non paran ak non timoun la.

**ENFÒMASYON SOU PARAN KI ADOLESAN**

- 14 Ou oblije ranpli seksyon sa a si wap resètifye pou Asistans Tanporè **sèlman**. Si genyen yon paran ki adolesan, ki poko 18 an, ki rete nan menm kay avèk ou, epi kap resètifye pou asistans, ekri non yo. Si pitit paran ki adolesan an rete nan menm kay avèk ou, ekri non timoun nan.

**PAJ 6 - FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU LAJAN TOUCHE**

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou. Pou chak repons ki “WI”, ekri AN LÈT MAJISKIL montan an oswa valè a an dola (\$) ansanm ak non moun ki touche lajan sa a.

- 15 **REMAK: Benefis Koupon pou Achte Manje** – Si ou resevwa lajan paske ou se yon paran adoptif pou okipe yon timoun oswa yon granmoun, ou genyen de (2) chwa. Ou ka chwazi pou w mete timoun oswa granmoun adoptif la ansanm ak lajan ou touche pou okipe timoun oswa granmoun adoptif la nan Benefis Koupon pou Achte Manje pou lakay ou, oswa ou ka chwazi pou w **pa** mete mete timoun oswa granmoun adoptif la ak lajan ou touche pou okipe timoun oswa granmoun adoptif la. Mande travayè sosyal la kiyès nan chwa sa yo ki ka ba ou plis Benefis Koupon pou Achte Manje.

**ENFÒMASYON SOU BÒPÈ AK BÈLMÈ/MOUN KI BAY PARENNAJ POU ETRANJE**

- 16 Make (✓) WI oswa NON pou oumenm, madanm oswa mari epi tout moun kap resètifye pou asistans. Pou chak repons ki “WI”, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun ki gen pou wè ak repons la.

**PAJ 7 – FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU TRAVAY**

- Ranpli paj sa a pou oumenm epi pou tout moun kap resètifye pou asistans.
- 17 **REMAK:** Si wap travay, ou ka toujou kalifye pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa lòt pwogram asirans maladi, ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje epi èd nan depans pou okipe timoun.

**PAJ 8 – FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU EDIKASYON/FÒMASYON**

18 Ranpli paj sa a pou oumenm epi pou tout moun kap resètifye pou asistans. Ou fèt pou reponn kesyon sou ki kote pitit ou ale lekòl.

**REMAK:** Si wap resètifye pou Asistans Medikal **sèlman**, ou pa bezwen ranpli paj sa a.

**PAJ 9 – FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU RESOUS**

Make (✓) WI oswa NON pou chak kesyon pou oumenm epi pou tout moun kap resètifye pou asistans. Pou chak repons ki se “WI”, ekri AN LÈT MAJISKIL montan an oswa valè a an dola (\$) epi non moun ki genyen resous la. **Ou fèt pou ekri tout avwa ou genyen ansanm ak yon lòt moun.** Moun kap resevwa Asistans Tanporè ak Asistans Medikal dwe reponn kesyon sa yo tou sou **moun nan fanmi an ki gen responsablite legal anvè yo. Lalwa egzije moun sa yo pou yo ba ou sipò finansye, tankou** madanm oswa mari ou, epi si ou poko gen 21 an, paran ou, oswa bòpè ak bèlmè ou oswa moun ki responsab ou a epi ki rete nan menm kay avèk ou.

**REMAK:** Ou **pa** bezwen ranpli seksyon sa a:

- Si wap resètifye pou Asistans Medikal **sèlman** pou timoun ki poko gen **19** an, oswa si w se yon fanm ansent.

19 Si wap resètifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje **sèlman**, ou **pa** bezwen reponn kesyon sou asirans vi a.

**Genyen lòt resous apade sa ki ekri anlè a:** Ekri enfòmasyon tankou kay pou vakans, kay sou woulèt, moto pou lanèj, bato, etc.

**REMAK:** Li enpòtan anpil pou fè travayè sosyal la konnen toudswit si ou resevwa oswa ou panse ou pral pral resevwa yon montan lajan global. Yon montan lajan global se yon lajan ou touche yon sèl fwa, tankou yon lajan asirans peye w, eritaj, lajan ou touche nan yon pwosè tribinal oswa lajan ou genyen nan lotri. LDSS-4148A - HA: “Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Reskonsablite W Yo” pou plis enfòmasyon sou montan lajan global la.

**REMAK:** Si oumenm oswa madanm oswa mari ou transfere oswa fè kado nenpòt byen pandan 36 mwa ki sot pase yo (60 mwa pou transfè nan yon kont apa) anvan premye jou nan mwa wap resevwa sèvis nan yon lazil kote yo pran swen moun malad epi ou te voye yon aplikasyon pou Asistans Medikal, ou ka pa kalifye pou ou resevwa sèvis lazil kote yo pran swen moun malad la oswa sèvis adomisil ak sèvis kominotè ki nan pwogram Asistans Medikal la.

**PAJ 10 – FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON MEDIKAL**

20 Make (✓) WI oswa NON pou oumenm ansanm ak tout moun kap resètifye pou asistans. Pou chak repons ki “WI”, ekri enfòmasyon yo mande a AN LÈT MAJISKIL. Ou fèt pou ekri tout asirans maladi ansanm ak asirans lopital/aksidan ou genyen oswa ki disponib pou nenpòt moun kap resètifye. Asistans Medikal ka peye pou bòdwo medikal pou swen yo te ba ou pandan twa mwa anvan mwa ou te fè aplikasyon pou ed. Si ou deja peye bòdwo a, nou ka peye w pou bòdwo a si nou detèminen ou te kapab kalifye pou Asistans medikal lè sa a. Nou ka peye w menm si dòktè a oswa lòt pwofesyonèl nan tretman maladi a pa aksepte Asistans Medikal, men nou ka sèlman peye w kantite lajan Asistans Medikal peye epi si sèlman bòdwo a te pou sèvis Asistans Medikal kouvri.

**PAJ 10 - FÒM RESÈTIFIKASYON**

Aprè jou ou te fin fè aplikasyon pou Asistans Medikal, ou fèt pou konnen si doktè a oswa lòt pwofesyonèl nan tretman maladi a aksepte Asistans Medikal anvan ou fè tretman maladi avèk yo.

**PAJ 11 - FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU ABRI/KAY**

21 Ekri AN LÈT MAJISKIL montan lajan ou peye pou lwaye, ipotèk (*mortgage*), pansyon oswa lòt kay. Si ou genyen yon ipotèk, (*mortgage*) ajoute enpo ou peye pou kay la, asirans kay (ansanm ak asirans dife), ansanm ak evalyasyon nan seksyon sou montan Depans pou Lojman. Make (✓) WI oswa NON si oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou peye pou chofaj ak lòt sèvis piblik. Ou fèt pou make (✓) kalite chofaj prensipal la nan fen paj la. Ou fèt pou reponn kat (4) lòt kesyon sou kay ki nan fen seksyon sa a.

**REMAK:** Si ou pa fin konnen kijan pou reponn nenpòt kesyon sou kalite kay oswa montan depans ou fè pou lojman an, mande travayè sosyal ou a.

**PAJ 12 - FÒM RESÈTIFIKASYON****ENFÒMASYON SOU Lòt DEPANS**

22 Make (✓) WI oswa NON pou oumenm oswa tout moun kap resètifye pou asistans. Pou chak repons ki "WI", ekri kantite a an dola (\$) AN LÈT MAJISKIL.

**LÒT ENFÒMASYON**

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm ansanm ak tout moun kap resètifye pou asistans.

**REMAK:** "Militè Etazini" vle di:

- 23
- Ame Amerikèn
  - Fòz naval Amerikèn
  - Gad Kot Ameriken
  - Marin Amerikèn
  - Fòz Ayeryèn Amerikèn
  - Marin Machan Ameriken pandan 2<sup>yèm</sup> Gè Mondyal

**KONDISYON TRANSFÈ BYEN:** Make (✓) nan bwat **Mwen genyen** oswa nan bwat **Mwen pa genyen**.

**REMAK:** Lalwa Eta Nouyòk bay dwa pou enpoze amann oswa prizon, oswa toude pou moun yo kenbe kap sere enfòmasyon oswa kap bay manti pou yo ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa Benefis Koupon pou Achte Manje.

**PAJ 13 - FÒM RESÈTIFIKASYON**

**PA EKRI NAN PAJ SA A**

## PAJ 14 - FÒM RESÈTIFIKASYON

**24 DEKLARASYON LWA SOU VI PRIVE/RANBOUSMAN POU DEPANS MEDIKAL/SIPÒ/AVI KI FÈ KONNEN PA GEN DISKRIMINASYON:** Li seksyon sa a byen oswa fè yon moun li li pou ou.

**25 REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON POU BENEFIS KOUPOU POU ACHE MANJE:** Si wap resètifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje epi ou vle yon moun ki pa rete nan menm kay avèk ou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje a pou ou oswa pou moun nan achte manje pou ou, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun lan, adrès epi nimewo telefòn li.

**SANKSYON:** Li seksyon sa ak anpil atansyon oswa fè yon moun li li pou ou.

**26 REMAK:** Lalwa Eta Nouyòk la bay dwa pou enpoze amann oswa prizon, oswa toude pou moun yo kenbe kap sere enfòmasyon oswa kap bay manti pou yo ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa Benefis Koupon pou Achte Manje.

## PAJ 15 AK 16 - FÒM RESÈTIFIKASYON

**27 DEKLARASYON LEGAL:** Li seksyon sa ak anpil atansyon oswa fè yon moun li li pou ou.

**28 OTORIZASYON POU RANBOUSMAN NAN MEN SSI:** Li seksyon sa a byen oswa fè yon moun li li pou ou. Si wap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè epi nou toude ni mari ni madanm ki abite ansanm ap fè aplikasyon pou Asistans tanporè, nou toude oblije siyen seksyon siyati a ki pi ba nan paj sa a.

**REMAK:** Si ou voye yon aplikasyon pou premye Benefis SSI nan pwochen 60 jou kap vini yo, Administrasyon Sekirite Sosyal ka pran dat ou prezante otorizasyon ki siyen an bay departman sèvis sosyal lokal la kòm dat ou vin kalifye pou SSI pou premye fwa.

**29 SIYATI:** Li seksyon sa a byen oswa fè yon moun li li pou ou. Lalwa Eta Nouyòk bay dwa pou enpoze amann oswa prizon, oswa toude pou moun yo kenbe kap sere enfòmasyon oswa kap bay manti pou yo ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Pwogram Epay Medicare oswa Benefis Koupon pou Achte Manje.

Siyen non ou epi ekri dat la nan fòm resètifikasyon an. Lè **toude** ni mari ni madanm ki rete nan menm kay ap resètifye pou Asistans Tanporè oswa Asistans Medikal, **toude** oblije siyen. Si wap resètifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje **sèlman**, yo bezwen yon sèl siyati. Si ou te ranpli resètifikasyon an pou yon lòt moun, siyen **non ou** la a, epi ekri AN LÈT MAJISKIL dat ou te siyen an. **Tout** moun ki gen 18 an oswa plis oblije siyen.

**AVI:** Moun kap resevwa Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Pwogram Medicare pou Ekonomi. ak Benefis Koupon pou Achte Manje, ki pa dakò ak desizyon yo pran nan resètifikasyon yo a, gen dwa pou yo mande pou yon chitatande rezonab, lè yo kontakte Office of Administrative Hearings, New York State Office of Temporary & Disability Assistance, [Biwo Jijman Administratif, Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite Eta Nouyòk], PO Box 1930, Albany, New York 12201.

Nap antre epi nap kenbe enfòmasyon ki nan resètifikasyon ou lan nan Sistèm Administrasyon Byennèt Sosyal la [Welfare Management System (WMS)], se yon sistèm òdinatè nou genyen nan tout eta a. Nou sèvi ak sistèm sa a pou nou fè amelyorasyon nan administrasyon Pwogram Sèvis Sosyal yo epi pou nou ka detekte magouy.

**REMAK:** Dènye paj aplikasyon sa a se yon aplikasyon pou enskri pou vote. Si w ta renmen ranpli yon fòm aplikasyon pou enskri pou vote, mande travayè sosyal ki verifye elijibilite ou la. Si w fè aplikasyon pou enskri oswa ou refize enskri pou vote, sa pap afekte kantite asistans ajans sa a pral ba w la.